

Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE LÈT BAY KOMISYON MIKS ENTÈNASYONAL LAN POU MANDE AKSYON IMEDYA AN REPONS A INONDASYON LAK ONTARIO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te pibliye yon lèt bay Komisyon Miks Entènasyonal (International Joint Commission, IJC) lan pou mande aksyon imedya an repons a inondasyon Lak Ontario.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Chè Prezidan Corwin ak Phare:

Pou dezyèm fwa nan twa ane, plizyè kominote ak antrepriz olon Rivaj Lak Ontario an ap sibi inondasyon akòz nivo dlo ki a wotè rekò. An konsekans, Eta New York te reponn, epi angaje plis pase 100 milyon dola an finansman pou repare pwopriyete sou rivaj lan an 2017, epi depanse plizyè dizèn milyon anplis pou reponn a inondasyon ane sa a. Komisyon Miks Entènasyonal lan (IJC) pa gen pyès eskiz pou li pa rive prepare pou jere adekwatman nivo dlo wo Lak Ontario t ap viv epi kontinye ap viv ane sa a. Yo te alèti IJC an 2017 lè Lak lan te etabli nivo dlo ki a wotè rekò epi li ta dwe okouran danje aktyèl ki soti nan akimilasyon nèj masif ak posiblite pou lapli kontini nan prentan an ane sa a. Poutan, olye li aji, IJC te kontinye *estati kwo a*, ki mennen a plis inondasyon ak plis domaj materyèl nan New York. Nou mande pou IJC remèt bay New York plizyè milyon dola nan depans yo poko ranbouse, epi pou IJC modifye jesyon ak planifikasyon dlo li an pou redwi inondasyon ak domaj k ap fèt nan kominote rivaj nan New York.

Destriksyon aktyèl lan ak menas kontini pou sitwayen yo ak biznis yo nan New York ki fèt akòz inondasyon Lak Ontario dwe jwenn yon silisyon. Senatè Ortt te soulve posiblite pou aksyon jidisyèl, li te sijere sa a nan yon lèt bay Pwokirè Jeneral eta a. Ak nivo dlo nan Lak Ontario k ap depase kounye a nivo wotè istorik 2017 yo, yo dwe pran aksyon imedya pou konbat inondasyon nan sistèm Lak Ontario-Rivyè St. Lawrence lan.

An 1909, Etazini ak Grand Bretay, ki t ap aji nan non Kanada, te antre nan yon Trete Dlo Fwontyè (Boundary Water Treaty) pou pèmèt toulède nasyon yo, ak sitwayen ak eleman jiridiksyon respektif yo, pou fè itilizasyon benefik dlo fwontyè ki koresponn ak dwa ak enterè tout pwopriyete rivren piblik ak prive. Trete a te klèman deklare yo te dwe bay preferans a itilizasyon domestik ak sanite olye de itilizasyon pou navige ak enèji. Trete a te deklare tou konstriksyon kèlkeswa baraj oubyen obstriksyon ekzijje pwoteksyon ak dedomajman kont domaj pou tout enterè nan toulède bò Fwontyè a.

Atravè istwa li, IJC te gen difikilte pou l balanse nesesite opoze tout benefisyè yo. Nan kòmansman ane 1950 yo, pa ekzanp, administrasyon IJC sou Lak Ontario te koze domaj inondasyon konsiderab pou rezidan New York, ki te reponn ak pwotestasyon ak litij fò. An pati kòm yon rezilta, IJC te retire Baraj Gut epi li te bese nivo maksimòm dlo

pa apeprè 3 pye. IJC te pibliye tou yon nouvo Òdonans Apwobasyon Siplemanchè an 1956, ki te rete anvigè pou plis pase senk deseni.

An 1999, IJC te antreprann yon etid pou evalye nivo dlo nan kad aplikasyon Òdonans 1956 lan. Etid sa a te mennen a adopsyon Plan 2014 lan. Lè yo te adopte plan an, IJC te twouve Òdonans 1956 lan pa t "montre korèkteman evantay konplè nan kondisyon yo te rankontre oubyen antisipe chanjman fiti" epi li te nesèsè pou kounye a "konsidere pwoblèm anviwònman ak navigasyon pou amizman". Plan 2014 lan te prevwa tou evakiyasyon dlo ta pral reyalize "nan yon fason pou li pa ofri mwens pwoteksyon pou navigasyon ak enterè rivren an aval ke sa te ka rive anba kondisyon anvan-pwojè a". Anplis, kòm yon pati nan kritè pou administre evakiyasyon, IJC te twouve "nivo Lak Ontario pral resevwa reglemantasyon pou benefisye mèt pwopriyete yo sou rivaj Lak Ontario yo nan Etazini ak Kanada nan yon fason pou redwi ekstrèm nan estaj ki te konn rive anba kondisyon anvan-pwojè a ak pwovizyon nan pase a jan yo te konn ajiste sou Lak Ontario".

Nan adopsyon Plan 2014 lan, IJC te twouve nouvo rejim regilatwa a ta pral mennen a "deviyasyon mwen komen nan yon plan reglemantasyon" epi ta pral "ofri benefis lontèm, an amon, an aval...ak pi gwo sekirite ak previzibilite." Evènman dlo wo nan 2017 ak 2019 demontre sa pat ka pi lwen de laverite a. IJC dwe ofri yon sistèm jesyon ki plis pwotektè ki akonpli pwomès li te fè nan adopsyon Plan 2014 lan.

Inondasyon ak lòt enpak dlo wo kontinye otou Gran Lak yo, sa enkli Lak Ontario ak amon Rivyè St. Lawrence, espesyalman pandan peryòd klima aktif yo, tankou sa nou te obsève resaman an. Nan 4 Jen 2019, Lak Ontario te rete a 75.90 m (249.02 pye), ki elaji nouvo nivo lak istorik rekò ki te atenn an premye nan 2 Jen 2019. Yo atann pou nivo dlo nan Lak Ontario pral kontinye monte gradyèlman pandan pwochen jou yo. Nivo dlo Lak Erie ak devèsman nan Lak Ontario rete pi wo pase wotè rekò yo epi yo te ogmante lejèman pandan dènye jou yo.

Pandan inondasyon ak nivo dlo wo ap andomaje pwopriyete Nouyòkè, nivo dlo nan Pò Montreal rete pi ba pase wotè rekò yo pou moman sa a nan ane an epi yo kontinye bese. Pou pote sekou bay pwopriyete rivren New York ki afekte negativman, IJC dwe imedyatman maksimize devèsman nan pi gwo nivo posib, menm si sa afekte navigasyon olon rivyè a tanporèman.

IJC te rekonèt aksyon li yo, oubyen mank asyon li yo, te sèvi pou pwoteje navigasyon komèsyal odepan de pwopriyete teryen rivren yo. Men, anba pwòp trete fondamantal li ak anba Plan 2014 lan, li pa kapab evite evakiyasyon sa yo pou l pwoteje enterè navigasyon komèsyal olye de sekirite ak pwopriyete Nouyòkè. Trete Dlo Fwontyè yo an 1909 deklare "yo pa pral pèmèt pyès itilizasyon ki gen tandans pou l sibstansyèlman antre an konfli avèk oubyen limite kèlkeswa lòt itilizasyon". Anplis, Plan 2014 espesifikman deklare "nan ka kote nivo dlo Lak Ontario ta atenn oubyen depase nivo wotè ki ekstrèmman wo, travay nan Seksyon Rapid Entènasyonal yo ta pral dwe opere pou ofri tout soulajman posib bay pwopriyete rivren an amon ak an aval". Fado devèsman dlo wo dwe pataje an egalite ant tout itilizatè sistèm lan - sa enkli sektè transpò ak navigasyon an.

An 2017, New York te pran mezi pou pwoteje kominote yo kont plis inondasyon, epi nou te bay finansman Eta ak federal ki krisyal pou ede fanmi ak biznis yo rekonstwi. Eta a te

angaje plis pase 100 milyon dola pou rekonstwi kominote olon rivaj Lak Ontario an ki te devaste nan inondasyon 2017 yo, sèlman pou yo te sibi yon lòt fwa ankò ane sa a nivo rekò dlo wo ak inondasyon nan menm kominote sa yo. Alaswit inondasyon 2017 lan, IJC te konnen ou ta dwe konnen potansyèl konsiderab pou evènman inondasyon fiti, men yo pat rive ekzèse prevwayans pou pwoteje kont enpak devastatè inondasyon an.

New York kontinye adrese enpak ki soti nan ansyen nivo inondasyon ak diminye potansyèl inondasyon fiti. New York ap òganize ekipman ak sak sab; ap travay etwatman ak gouvènman minisipal olon rivaj yo; ap avanse ak ranbouse pwojè pwoteksyon ak restorasyon inondasyon; ak ofri sipò pou efò planifikasyon rezistans. New York ap atann pou depans ki asosye ak rekonstriksyon ak ofri rezistans fiti pral eksede depans nan 2017 yo epi pral depase plis pase 100 milyon dola. New York ankouraje vivman tou apwopriyasyon finansman federal, ki rete vital pou kontinye efò sa yo ak efò adisyonèl pou amelyore rezistans litoral olon Lak la ak Rivyè a. New York pa ta dwe ap pote tout depans yo pou kont li pou enpak plan entènasyonal sa a epi finansman federal rete vital pou adrese konsekans yo.

Pouvwa aksyon IJC derive nan Trete Dlo Fwontyè, ki priyorize itilizasyon ki pa lye ak enèji sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Li aparan administrasyon IJC an pa t adekwatman adrese nouvo nòm nan evènman ekstrèm dlo wo ki ap afekte nan yon fason demezire pwopriyete rivren nan New York. IJC dwe asire li konsidere ak adrese kondisyon tan lapli ekstrèm sa yo ki te mennen a inondasyon konsiderab nan de nan twa dènye ane yo nan planifikasyon fiti li ak aplikasyon sikilasyon nan tan fiti. IJC dwe adopte yon chemen ki pi ekitab pou asire pwoteksyon piblik lan nan toulède bò Lak ak Rivyè a rete, nan tout tan, pi gwo priyorite li.

Nan kad inondasyon devastatè k ap rive an, Eta New York mande pou IJC ranbouse New York pou depans li yo, epi rann fon adisyonèl disponib pou pwojè rezistans ak lòt mezi pwoteksyon ki vin rann nesese akòz aksyon ak omisyon IJC yo. IJC dwe tou imedyatman detèmine ki kantite dlo li ka lage ansekirite, san konsidere navigasyon, epi lage kantite sa a. Finalman, IJC dwe imedyatman korije pwotokòl administrasyon dlo li yo pou evite domaj pou pwopriyete rivren yo. Si yo pa ekzekite demann sa yo, sa pral mennen New York pou l pral pran kèlkeswa ak tout aksyon pou l fòse IJC aji, sa enkli aksyon jidisyè.

Sensè Salitasyon,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)